



Fòmilè jeneral nan eta Nouyòk pou mande asistans finansye pou depans lopital

Ou ka kalifye pou asistans finansye pou lopital pou w peyefakti w yo si w pa gen asirans, si asirans ou fini, oswa si w gen asirans sante men ou gen prèv depans medikal ki peye plis pase 10% nan revni w. Lè w fin ranpli fòmilè sa a, sa vle di demann ou pou asistans finansye lopital la lanse. Tout lopital nan Eta Nouyòk itilize fòmilè sa a.

Non Pasyan an (bay tout enfòmasyon ki aplikab yo)

Non pasyan (prenon, lòt non, siyati)		
Dat nesans (mwa/jou/ane)		
Adrès	Nimewo apatman/inite	
Vil	Eta	Kòd postal
Nimewo telefòn pou yo kontakte w		
Non paran/responsab oswa reprezantan legal la (si pasyan an se yon timoun minè oswa yon granmoun andikape)		
Adrès imel (si genyen)		

Enfòmasyon sou fanmi:

Tanpri bay lis tout moun nan fanmi w ki lakay nan espas pi ba a. Moun ki lakay ou gen ladan l ou menm, mari oswa madanm ou oswa patnè w ki nan kay la, ak nenpòt timoun oswa lòt moun ki sou kont ou. Pa egzanp, sa ta gen ladan tout moun ki mansyone an menm deklarasyon revni an.

Revni anan taks vle di revni w anvan yo retire taks yo.

Revni anvan taks la ka gen ladan l salè, pèman, poubwa, salè nan travay endepandan), revni ou pa touche (lajan sekirite sosyal, lajan yo bay pou andikap, ak chomaj), kontribisyon (lajan ki soti nan fanmi oswa zanmi), ak lòt sous revni (asistans tanporè ak revni sekirite siplemanntè).

Non konplè	Sa l ye pou ou	Revni total anvan taks (nan moman an)
	Pou mwen	

Lopital la ka mande w bay dokiman kòm prèv revni; egzanp dokiman yo ta ka gen ladan yon fich peman salè, yon lèt ki soti nan konpayi w ap travay la, si sa aplikab, oswa Fòmilè 1040.



Sitiyasyon Asirans Sante

Èske w gen nenpòt kalite asirans sante, tankou Medicaid, Medicare, oswa asirans prive atravè konpayi w ap travay la oswa ou achte poukont ou? ☐ Wi ☐ Non

Si w te reponn "Non," èske ou ta renmen jwenn èd pou w aplike pou nenpòt nan pwogram sa yo?

☐ Wi ☐ Non

Pasyan ki pa gen ase asirans: moun ki gen asirans epi ki gen anpil depans medikal. Si w gen asirans, tanpri bay yon estimasyon sou depans medikal ou te peye nan 12 dènye mwa yo.

\$

Lopital la ka mande w pou w bay dokiman kòm prèv depans medikal ou te peye yo.

Pasyan/Moun Responsab: Si se pa pasyan an, bay non moun k ap siyen fòmilè a ak otorite l pou siyen nan non pasyan an (pa egzanp, mari oswa madanm, paran, reprezantan legal).

Mwen konprann yon sous ekstèn ka verifye enfòmasyon mwen bay yo. Mwen sètifye enfòmasyon yo se laverite epi konplè nan limit konesans mwen.

Non ki ekri ak lèt detache	Dat
Sa w ye pou pasyan an	
Siyati	



Kalifikasyon minimòm ak enstriksyon

Delè aplikasyon an, dwa pasyan yo, ak konfidansyalite

- Ou ka aplike pou asistans finansye nenpòt lè pandan pwosesis koleksyon an.
- Ou pa oblije fè okenn peman bay lopital sa a jiskaske ou resevwa yon desizyon sou aplikasyon w lan pou asistans finansye. Lopital yo pa ka voye kont ou yo nan koleksyon pandan aplikasyon w lan ann atant.
- Si yo refize ba w asistans finansye, ou gen dwa konteste. W ap jwenn enfòmasyon sou fason pou w fè sa nan avi lopital la w ap resevwa a. Ou ka gen dwa pou w konteste kont kantite èd finansye w la. Lopital la ap mete enfòmasyon sou fason pou w konteste nan lèt desizyon yo a.
- Lopital yo pa ka voye fakti ki pa peye bay yon ajans koleksyon pandan omwen 180 jou apre premye fakti w la.
- Lopital yo entèdi pou yo poze aksyon legal, tankou depoze pwosè, pou rekipere fakti medikal ki pa peye pou pasyan ki anba 400% nan nivo povrete federal la. Ou ka jwenn enstriksyon anrapò akkritè povrete yo la a: <https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>
- Nenpòt enfòmasyon ou bay nan aplikasyon sa a se sèlman lopital la ki pral itilize l pou deside si w kalifye pou asistans finansye epi li pral rete konfidansyèl nan limit lalwa pèmèt.
- Yon lopital pa ka refize w sèvis ki nesèse medikalman paske ou gen yon fakti medikal ki poko peye.
- Si w bezwen asistans avèk aplikasyon sa a, tanpri kontakte biwo asistans finansye nou an (gade paj 6).
- Si w bezwen plis asistans avèk aplikasyon sa a oswa èd pou w konteste yon desizyon, ou ka kontakte Defansè Sante Kominotè a: 888-614-5400.

Kalifikasyon

Pa gen anyen ki limite kapasite yon lopital pou etabli kalifikasyon pasyan pou rabè sou peman nan nivo revni ki pi wo pase sa ki presize pi ba a ak/oswa pou bay pi gwo rabè sou peman pou pasyan ki kalifye pase sa Lalwa Sante Piblik la egzije. Anplis de sa, sitiyasyon imigrasyon an pa dwe yon kritè kalifikasyon pou deside sou asistans finansye.

Moun ki annapre yo kalifye:

- Moun ki gen ti revni san asirans sante; oubyen
- Moun ki pa gen ase asirans epi ki peye depans medikal yo ak lajan yo (eksepte prim) nan douz dènye mwa yo ki egal a plis pase dis pousan nan revni anvan taks anyèl moun sa a; oubyen
- moun ki fin itilize tout avantaj asirans sante yo, epi ki ka demontre yo pa gen kapasite pou peye tout depans yo; oubyen
- lopital la gen dwa deside moun ki ka demontre yo pa kapab peye kopeman ak/oswa franchiz yo ka mande yon peman redui oswa ak yon rabè.



Moun ki rive jiska 400% nan kritè nivo povrete federal la kalifye pou asistans finansye.

Gid federal anrapò ak kritè povrete 2026 yo

Kantite moun ki nan kay la	200%	300%	400%
1 moun	\$31,920	\$47,880	\$63,840
2 moun	\$43,280	\$64,920	\$86,560
3 moun	\$54,640	\$81,960	\$109,280
4 moun	\$66,000	\$99,000	\$132,000
5 moun	\$77,360	\$116,040	\$154,720
6 moun	\$88,720	\$133,880	\$177,440
7 moun	\$100,080	\$150,120	\$200,160

Yo mete l ajou chak ane:

<https://aspe.hhs.gov/topics/poverty-economic-mobility/poverty-guidelines>

To rabè minimòm

Si w kalifye pou asistans finansye, y ap diminye depans ou yo selon revni w sou yon echèl frè glisman nan fason ki annapre a:

Pa gen asirans (san asirans)

Nivo revni	Peman
400% ak pi ba FPL la	Retire tout montan yo mande peye yo

Pa gen ase asirans (Asirans)

Nivo revni	Peman
200% ak pi ba FPL la	Anile tout lajan yo mande peye yo SÈLMAN si w kapab bay depans medikal ki peye yo (eksepte prim yo) nan 12 dènye mwa yo apre aplikasyon FA a.
201% - 300% FPL	Jiska yon maksimòm 10% nan kantite lajan ki ta dwe peye dapre kotizasyon asirans pasyan sa a SÈLMAN si li kapab bay depans medikal ki peye yo (eksepte prim yo) nan 12 dènye mwa aplikasyon FA a.
301% - 400% FPL	Jiska yon maksimòm 20% nan kantite lajan ki ta dwe peye dapre kotizasyon asirans pasyan sa a SÈLMAN si li kapab bay depans medikal ki peye yo (eksepte prim yo) nan 12 dènye mwa aplikasyon pou FA a.

Lopital yo ka chwazi pou bay pi gwo rabè pou pasyan ki kalifye yo ak/oswa ofri rabè sou peman pou pasyan ki gen pi gwo nivo revni yo.

Plan pou peye pa franch

Plan pou peye pa franch disponib pou pasyan ki pa kapab peye pri redui a yon sèl kou. Peman mansyèl yo pa dwe depase 5% nan revni anvan taks mansyèl ou epi to enterè yo fè pasyan an peye sou balans ki poko peye a, si genyen, pa dwe depase 2%.



Demann pou prè revni kay la

Tanpri mete enfòmasyon sou revni pasyan an, mari oswa madanm li, ak nenpòt moun ki sou kont li (tankou timoun). Pa egzanp, sa ta gen ladan l tout moun ki sou menm deklarasyon revni an (moun ki fè deklarasyon an, mari oswa madanm, ak moun ki sou kont li) nan kalkil revni kay la.

Men yon lis dokiman ou ka itilize pou pwouve revni w. Ou pa oblije bay tout dokiman sa yo. Ou kapab tou bay yon deklarasyon ki di ou pa gen okenn revni nan kay la si w pa gen okenn revni.

Ou kapab tou bay paj desizyon kalifikasyon an ki soti nan NY State of Health Marketplace la. Si w gen dokiman sa a, ou pa oblije bay lopital la okenn lòt enfòmasyon sou revni ki mansyone pi ba a.

Si kay la resevwa:	Montan pa mwa:	Aplikan an ka bay:
Salè	\$	Tanpri bay yon fich pewòl, oswa yon lèt ki soti nan konpayi w ap travay la sou papye ki gen antèt konpayi a, siyen epi date, oswa yon dènye deklarasyon revni ou te depoze a.
Peman sekirite sosyal	\$	Kopi lèt/sètifika prim lan, oubyen korespondans ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal Etazini an, oubyen lèt avantaj anyèl la. Pou w mande yon kopi lèt avantaj Sekirite Sosyal ou a, rele 1-800-772-1213 oubyen ale sou www.ssa.gov
Konpansasyon hcomaj	\$	Kopi lèt/sètifika prim nan, oubyen deklarasyon avantaj masyèl ki soti nan Depatman Travay Eta Nouyòk la, oubyen Kopi Kat Peman Dirèk la ak enprime, oubyen Korespondans ki soti nan Depatman Travay Eta Nouyòk la, oubyen Enprime enfòmasyon kont moun k ap resevwa a ki soti nan sit entènèt Depatman Travay Eta Nouyòk la (www.labor.state.ny.us)
Peman pou andikap	\$	Kopi lèt/sètifika prim nan, oubyen korespondans ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal la, oubyen kopi lèt avantaj anyèl la. Pou mande yon kopi lèt avantaj ou a, rele 1-800-772-1213 oubyen ale sou www.ssa.gov
Konpansasyon pou travayè	\$	Kopi lèt prim lan oswa fich pewòl la.
Pansyon alimantè (konjwen/timoun)	\$	Kopi lòd tribinal la, oubyen chèk/resi ki te depoze pou 3 mwa.
Dividann/enterè	\$	Deklarasyon dividann pa trimès oswa deklarasyon pou 1 mwa.
Lòt	\$	Lèt ki endike kantite lajan ou touche ki pa soti nan salè (si genyen), tankou revni lokasyon, lajan kach pou ti travay, elt.
Okenn revni	\$0	Deklarasyon siyen ki di pa gen okenn revni.



Paj enfòmasyon pou kontakte biwo asistans finansye a

- **Westchester Medical Center**

Depatman Asistans Finansye

Telefòn: (914) 493-7830

Adrès Postal: P.O. Box 277, Hawthorne, NY 10532

Anplasman Fizik: 100 Woods Road, Valhalla, NY 10595

- **MidHudson Regional Hospital**

Depatman Asistans Finansye

Telefòn: (845) 483-5406

Adrès Postal: 241 North Rd, Poughkeepsie, NY 12601

Anplasman Fizik: 241 North Rd, Poughkeepsie, NY 12601

- **Port Jervis Community Hospital | Good Samaritan Hospital | St. Anthony's Community Hospital**

Depatman Asistans Finansye

Telefòn: (845) 547-3888

Adrès Postal & Anplasman: Port Jervis Community Hospital, 160 East Main St., Port Jervis, NY 12771

Adrès Postal & Anplasman: Good Samaritan Hospital, 255 Lafayette Ave. Suffern, NY 10901

Anplasman Fizik: St. Anthony's Community Hospital, 15 Maple Avenue, Warwick, NY 10990

Adrès Postal: Pou St. Anthony's Community Hospital,, voye koli nan: Port Jervis Community Hospital, 160 East Main St., Port Jervis, NY 12771

- **HealthAlliance Hospital Mary's Avenue | Margaretville Hospital**

Depatman Asistans Finansye

Telefòn: (845) 334-2743

Adrès Postal: 105 Mary's Ave, Kingston, NY 12401

Anplasman Fizik: HealthAlliance Hospital Mary's Avenue, 105 Mary's Ave, Kingston, NY 12401

Anplasman Fizik: Margaretville Hospital, 42084 New York 28, Margaretville, NY 12455